



CENTERS FOR MEDICARE & MEDICAID SERVICES

## Rete ansante

### Sèvis Prevantif Medicare yo

Yon fason fasil ak enpòtan pou rete ansante se jwenn sèvis pou prevansyon maladi ak sèvis pou deteksyon bonè. Yo ka ede w jwenn pwoblèm sante bonè, lè tretman travay pi byen. Pale ak doktè w oswa founisè swen sante w pou w konnen ki tès oswa lòt sèvis ou ka bezwen, epi konbyen fwa ou ta dwe fè yo pou yo rete ansante. Si ou gen Medicare Pati B, w ap genyen anpil sèvis prevantif gratis pou ou.

#### Kisa ou pral peye

Si w gen Medicare Pati B, ou p ap peye anyen pou anpil sèvis prevantif si w pran yo nan men yon doktè ki kalifye oswa yon lòt founisè swen sante ki aksepte plasman. Plasman se yon akò doktè w, founisè oswa founisè w pou Medicare peye yo dirèkteman, pou aksepte montan peman Medicare apwouve pou sèvis la, epi pou w pa voye bòdwo w pou plis pase franchiz Medicare ak ko-asirans lan. Si w gen yon plan sante Medicare, kèk plan ka pa fè peye dediktib, kopeman, oswa ko-asirans pou sèten sèvis prevantif ki nan rezo a, ki kouvri nan Medicare. Kontakte administratè plan w lan oswa avantaj yo dirèkteman pou w aprann plis sou depans w yo. Pou plis enfòmasyon sou plan sante Medicare, vizite [Medicare.gov/sign-up-change-plans/different-types-of-medicare-health-plans](https://www.medicare.gov/sign-up-change-plans/different-types-of-medicare-health-plans).

---

### Medicare kouvri sèvis prevantif sa yo:

#### Depistaj pou anevrism awòtik abdominal

Yon ultrason depistaj yon sèl fwa pou moun ki gen risk. Si ou gen yon istwa fanmi anevrism awòtik abdominal, oswa ou se yon gason ant laj 65-75 epi ou te fimen omwen 100 sigarèt nan lavi ou, yo konsidere w kòm moun ki gen risk.

## Medicare kouvri Sèvis Prevantif sa yo: (kontinye)

### **Depistaj pou move itilizasyon alkòl ak pou konsèy**

Medicare kouvri yon tès depistaj pou move itilizasyon alkòl pa ane pou adilt (tankou fanm ansent) pou idantifye moun ki mal itilize alkòl, men ki pa depann de alkòl. Si w teste pozitif, ou ka jwenn jiska 4 sesyon kout fasafas konsèy chak ane (si w konpetan ak vijilan pandan sesyon konsèy). Doktè prensipal ou oswa lòt founisè swen prensipal ou dwe ba ou konsèy nan yon anviwònman swen prensipal (tankou nan yon klinik doktè).

### **Mezire mas zo**

Tès sa yo ap ede yo wè si w gen risk pou zo kase. Medicare kouvri tès sa yo yon fwa chak 24 mwa (pi souvan si li nesèsè medikalman) pou sèten moun ki riske osteyopowoz la.

### **Terapi sou konpòtman kadyo-vaskilè**

Medicare pral kouvri yon vizit pa ane kay doktè swen prensipal ou oswa lòt founisè swen prensipal pou ede diminye risk ou genyen pou maladi kadyo-vaskilè. Pandan vizit sa a, doktè ou ka diskite sou itilizasyon aspirin (si sa apwopriye), tcheke tansyon ou, epi ba ou konsèy pou asire w ap manje byen.

### **Depistaj pou maladi kadyo-vaskilè**

Tès sa yo teste nivo kolestewòl, lipid ak trigliserid ou pou chèche konnen si w gen risk pou yon atak kè oswa yon konjesyon serebral. Medicare kouvri yon tès depistaj maladi kadyo-vaskilè yon fwa chak 5 an.

### **Depistaj pou kansè nan matris ak nan vajan**

Medicare kouvri tès Pap ak egzamen basen pou tcheke pou kansè nan matris ak nan vajan. Tout fanm ki gen Medicare ka fè tès ak egzamen sa yo yon fwa chak 24 mwa, epi fanm ki gen gwo risk yo ka fè yo yon fwa chak 12 mwa. Medicare kouvri tou tès papillomavirus imen (HPV) (lè yo bay yon tès Pap) yon fwa chak 5 an si w gen 30-65 an san sentòm HPV.

### **Depistaj pou kansè kolorektal**

Tès sa yo ede detekte kansè kolorektal bonè, lè tretman an mache pi byen. Si w gen 45 an oswa plis, oswa ou gen gwo risk pou kansè kolorektal, Medicare kouvri youn oswa plis nan tès depistaj sa yo: tès pou tcheke si gen san nan matyè fekal, tès byomakè ki baze sou san, sigmoidoskopi fleksib, kolonoskopi depistaj, lavman baryòm, ak milti-tès ADN nan pou pou plizyè sib (tankou Cologuard™). Kantite fwa Medicare peye pou tès sa yo depann de tès la ak nivo risk ou genyen pou kansè kolorektal. Ou menm ak doktè ou deside ki tès ki pi bon pou ou.

## **Konsèy pou anpeche itilizasyon tabak ak maladi tabak lakòz**

Medicare kouvri konsèy pou moun ki itilize tabak pou sispann fimen ak itilize tabak. Ou ka jwenn jiska 8 sesyon konsèy nan yon peryòd 12 mwa si ou itilize tabak.

## **Depistaj depresyon**

Medicare kouvri yon tès depresyon pa ane pou tout moun ki gen Medicare. Ou dwe fè tès depistaj la nan yon anviwònman swen prensipal (tankou nan yon klinik doktè) kote ou ka jwenn tretman swivi ak referans, si sa nesesè.

## **Depistaj dyabèt**

Medicare kouvri tès depistaj san pou tcheke dyabèt oswa pre-dyabèt. Ou ka fè tès sa yo si yo konsidere w nan risk pou dyabèt si w obèz, oswa si w gen tansyon wo, yon istwa kolestewòl nòmal ak nivo trigliserid (dislipidemi), oswa yon istwa nan sik nan san wo. Medicare kouvri tès sa yo tou si ou satisfè 2 oswa plis nan kritè sa yo: 65 oswa plis, twò gwo, istwa fanmi dyabèt (paran, frè, sè), yon istwa dyabèt jestasyonèl (dyabèt pandan gwosès), oswa ou akouche yon ti bebe ki peze plis pase 9 liv. Dapre rezilta tès ou yo, ou ka kalifye pou jiska 2 tès depistaj chak ane.

## **Fòmasyon oto-jesyon dyabèt**

Fòmasyon sa a aprann ou kijan pou fè fas ak jere dyabèt ou. Fòmasyon ou ka gen ladan konsèy pou manje an sante, pou w aktif, kontwole sik nan san, pran medikaman, ak diminye risk. Medicare kouvri fòmasyon sa a si ou gen dyabèt epi ou resevwa yon lòd alekri nan men doktè ou oswa lòt founisè swen sante.

## **Vaksen kont grip**

Vaksen sa yo ede anpeche grip oswa viris grip la. Medicare kouvri vaksen sa yo yon fwa pou chak sezon grip.

## **Tès glokòm**

Tès sa yo ede tcheke pou maladi nan je glokòm. Medicare kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa pou moun ki gen gwo risk pou glokòm.

## **Vaksen epatit B**

Seri vaksen sa yo ede pwoteje moun pou yo pa trape Epatit B. Medicare kouvri vaksen sa yo pou moun ki gen risk mwayen oswa gwo pou Epatit B.

## Medicare kouvri Sèvis Prevantif sa yo: (kontinye)

### **Depistaj pou enfeksyon Viris Epatit B (HBV)**

Medicare kouvri tès depistaj pou detekte enfeksyon HBV pou moun ki gen gwo risk pou enfeksyon HBV ak fanm ansent. Medicare pral kouvri tès depistaj sa yo sèlman si yon founisè swen prensipal mande yo. Medicare kouvri tès depistaj pou enfeksyon HBV chak ane pou moun ki kontinye gen gwo risk ki pa pran vaksen kont Epatit B. Medicare kouvri tou tès depistaj sa yo pou fanm ansent yo nan premye vizit prenatal la pou chak gwosès, nan moman akouchman an pou moun ki gen nouvo faktè risk oswa ki kontinye, ak nan premye vizit prenatal la pou gwosès lavni yo (menm si ou te resevwa piki epatit B la deja oswa te gen rezilta depistaj HBV negatif).

### **Tès depistaj pou epatit C**

Medicare kouvri yon tès depistaj Epatit C yon sèl fwa pou moun ki fèt ant 1945 ak 1965. Medicare kouvri tou tès depistaj chak ane pou sèten moun ki gen gwo risk, tankou moun ki itilize oswa ki te itilize dwòg ilegal nan piki, oswa ki te gen yon transfizyon san anvan 1992.

### **Depistaj pou VIH**

Medicare kouvri tès depistaj VIH (Viris Imino defisyans Imèn) si ou mande pou youn epi swa ou genyen 15-65 epi ou pa nan risk, oswa mwens pase 15 zan oswa plis pase 65 lane ak plis risk. Medicare kouvri tès sa a yon fwa chak 12 mwa, oswa jiska 3 fwa pandan yon gwosès.

### **Depistaj pou kansè nan poumon**

Medicare kouvri tès depistaj kansè nan poumon ak tomografi òdinatè yon dòz ki ba yon fwa pa ane si ou ranpli tout kondisyon sa yo aktyalize: ou gen 50-77, pa gen siy oswa sentòm kansè nan poumon (senptomatik), se yon fimè aktyèl oswa si ou kite fimèn nan 15 dènye ane yo, gen yon istwa fimèn tabak anmwayèn omwen 20 “pake ane” (yon mwayèn de yon pòch (20 sigarèt) pou chak jou pou 20 ane), epi ou gen yon rekòmandasyon nan men doktè ou. Anvan premye tès depistaj kansè nan poumon ou a, w ap bezwen pran yon randevou ak doktè ou pou diskite sou benefis ak risk yo epi deside si yon tès depistaj bon pou ou.

### **Mamogram (depistaj kansè nan tete)**

Medicare kouvri mamogram yon fwa chak 12 mwa pou fanm ki gen 40 an oswa plis. Medicare kouvri tou yon mamogram debaz pou fanm ant 35-39.

## **Pwogram Prevansyon Dyabèt Medicare**

Si w pre-dyabèt epi w satisfè lòt kritè, Medicare kouvri yon pwogram pou chanje konpòtman sante yon fwa pandan lavi w pou ede w anpeche dyabèt tip 2. Pwogram nan kòmanse ak sesyon debaz chak semèn yo ofri nan yon anviwònman gwoup sou yon peryòd 6 mwa. Apre sesyon debaz yo, w ap resevwa 6 sesyon swivi chak mwa pou ede w kenbe abitud ki an sante.

## **Sèvis terapi nitrisyon medikal**

Medicare ka kouvri terapi nitrisyon medikal ak sèten sèvis ki gen rapò si ou gen dyabèt oswa maladi ren, oswa si ou te fè yon transplantasyon ren nan dènye 36 mwa yo. Yon doktè dwe refere w pou sèvis la (yo).

## **Terapi konpòtman pou obezite**

Si ou gen yon endèks mas kò (BMI) 30 oswa plis, Medicare kouvri sesyon terapi konpòtman pou ede ou pèdi pwa. Medicare kouvri konsèy sa a si doktè swen prensipal ou oswa lòt founisè swen prensipal bay konsèy la nan yon anviwònman swen prensipal (tankou yon biwo doktè), kote yo ka kowòdone plan prevansyon pèsonalize ou a ak lòt swen ou.

## **Vaksen nemokoksik**

Medicare kouvri vaksen nemokoksik (oswa vaksen yo) pou ede anpeche enfeksyon nemokoksik (tankou sèten kalite nemoni). Ou ka pran jiska 3 dòz vaksen nemokoksik la, selon sèten kritè. Pale ak doktè w oswa lòt founisè swen sante w pou w konnen ki vaksen w ta dwe pran.

## **Vizit prevantif**

**Vizit prevantif “Byenveni nan Medicare” vizit yon sèl fwa**—Medicare kouvri yon revizyon istwa medikal ak sosyal ou ki gen rapò ak sante w, ak edikasyon ak konsèy sou sèvis prevantif (tankou tès depistaj, vaksen, ak referans pou lòt swen ou ka bezwen). Medicare kouvri vizit sa a nan premye 12 mwa ou genyen Medicare Pati B.

**Vizit “Byennèt” chak ane**—Si w te gen Pati B pou plis pase 12 mwa, ou ka jwenn yon vizit “Byennèt” chak ane pou devlope oswa mete ajou plan pèsonalize w la pou ede prevni maladi ak andikap, selon sante w ak faktè risk ou ye kounye a. Medicare kouvri vizit sa a yon fwa chak 12 mwa. Vizit “Byennèt” chak ane se pa yon egzamen fizik.

## Medicare kouvri Sèvis Prevantif sa yo: (kontinye)

### Depistaj pou kansè pwostat

Tès sa yo tcheke pou kansè nan pwostat. Medicare kouvri yon egzamen rektal dijital ak yon tès san antijèn espesifik pwostat (PSA) yon fwa chak 12 mwa pou gason ki gen plis pase 50 an (apati jou apre 50yèm anivèsè nesans ou).

### Depistaj enfeksyon seksyèlman transmisib ak konsèy

Medicare kouvri tès depistaj pou enfeksyon seksyèlman transmisib pou klamidya, gonore, sifilis, ak Epatit B. Medicare kouvri tès depistaj sa yo pou fanm ansent ak pou sèten moun ki gen plis risk pou yon enfeksyon seksyèlman transmisib. Doktè prensipal ou oswa lòt founisè swen prensipal ou dwe bay lòd pou tès depistaj la oswa refere w pou konsèy sou konpòtman. Medicare kouvri tès depistaj sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa nan sèten moman pandan gwosès la. Medicare kouvri tou jiska 2 sesyon konsèy sou konpòtman chak ane. Medicare pral sèlman kouvri sesyon konsèy ak yon founisè swen prensipal ki elijib pou Medicare nan yon anviwònman swen prensipal (tankou yon biwo doktè). Medicare pa pral kouvri konsèy kòm yon sèvis prevantif nan yon anviwònman pasyan ki entène (tankou yon etablisman retrèt kalifye).



### Pou plis enfòmasyon

Pou jwenn plis detay sou pwoteksyon Medicare pou sèvis prevantif sa yo, tankou pou depans ou yo nan Original Medicare, vizite [Medicare.gov/publications](https://www.Medicare.gov/publications) pou wè oswa enprime ti liv “Your Guide to Medicare’s Preventive Services.” Oswa, rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande yon kopi. Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

Ou kapab konekte tou (oswa kreye) kont Medicare an sekirite ou nan [Medicare.gov](https://www.Medicare.gov) kote ou ka wè yon lis sèvis prevantif ou kalifye pou jwenn nan Original Medicare. Atravè kont ou a, ou ka jwenn lòt enfòmasyon pèsònèl Medicare tou, wè reklamasyon Medicare ou yo, enprime yon kopi kat ofisyèl Medicare ou, peye prim Medicare ou si w resevwa yon bòdwo nan men Medicare, ak plis ankò.



Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon Medicare nan yon fòm aksèsib, tankou gwo lèt, bray oswa odyo. Ou gen dwa tou pou depoze yon plent si ou santi ou te fè diskriminasyon kont ou. Vizite [Medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html](https://www.medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

This product was produced at U.S. taxpayer expense.